

SS.7.C.4.3

Dekri egzanp sou kouman peyi Etazini te fè fas ak konfli entènasyonal yo.

SS.7.C.4.3 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap rekonèt lwa konstitisyonèl, estati, ka, ansanm ak lwa komen kòm sous lalwa.

Lwa yo soti nan diferan sous, epi yo fè yo nan nivo gouvènman lokal la, eta a, ak federal la.

Daprè Atik Sis nan Konstitisyon peyi Etazini an, **Klòz Sipremasi**, nivo ki pi wo nan gouvènman an deside ki kantite pouvwa pou fè lalwa nivo ki pi ba nan gouvènman genyen. Egzanp, gouvènman nasyonal la deside ki kantite pouvwa eta yo genyen, ak eta yo deside ki kantite pouvwa gouvènman lokal yo genyen. Lwa yo ki fèt nan nivo ki pi ba a, pa dwe gen konfli ak lwa eta yo oubyen lwa nasyonal yo.

Lwa Konstitisyonèl la konsantre sou entèpretasyon Konstitisyon peyi Etazini an. Lakou Siprèm peyi Etazini se otorite ki pi wo pou entèprete Konstitisyon peyi Etazini an. Kongrè a pase **Lwa legal yo** oswa yon lejislati eta a. Yon egzanp se Lwa Dwa Sivil 1964. **Règleman yo** se kèk règ yon ajans gouvènman an fè pou ranfòse yon lwa. Tèt ajans lan deside ki jan lwa yo pral aplike. **Ka lwa** vle di tout desizyon ke jij yo te pran nan ka devan tribinal anvan yo. **Presedan** Legal yo asire ke desizyon tribinal yo dakò youn ak lòt. **Lwa Komen** baze sou koutim ak desizyon legal anvan epi li itilize nan ka sivil yo.

Konstitisyon peyi Etazini se lalwa siprèm nan peyi a. Eta yo pa kapab kreye lwa ki an konfli ak li.

Iwa ka a - lalwa ki etabli dapre rezilta nan ka nan tribinal avan

Iwa komen - lalwa ki baze sou koutim ak desizyon legal ki te fèt avan; yo te itilize nan ka sivil

Iwa konstitisyonèl - lwa ki konsantre sou entèprete Konstitisyon Etazini an

Iwa Statitè– Lwa kongrè vote oswa lwa legislatif Eta a vote

klòz Sipremasi- klotz ki deklare ke Konstitisyon Etazini an se lwa siprèm nan peyi a, e ke lwa nasyonal yo sipwèm sou lwa eta yo, ke yo jwenn nan Atik VI (sis)

presedan- Yon desizyon tribinal la te pran nan yon ka avan sa ki men kalite fè ak pwoblèm legal avèk ka ki aktyèlman devan tribinal la

regilasyon – yon règleman yon ajans gouvènman fè pou anfòse lalwa